



Pou Piblikasyon Imedya: 23/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE MOUTE DRAPO IKRENYEN AN NAN SOLIDARITE AVÈK PÈP IKRÈN LAN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke drapo Ukrainian an pral flote sou batiman Capitol la, Executive Mansion (Palè Egzekitif), ak katye jeneral Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) demen, 24 mas, sa ki make yon mwa depi kòmansman envazyon Ris la, an solidarite ak pèp Ikrèn lan. Gouvènè a te envite tou gouvènman lokal yo atravè New York pou yo rejwen Eta a pou yo flote drapo Ikrènyen an sou batiman minisipal yo.

"New York se kay fyè pi gwo popilasyon Ikrènyen an nan Etazini, epi nou kondane vyolans enjis ak san konsyans ke Vladimir Putin ap reyalize kont pèp Ikrèn lan", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lapriyè nou yo akonpanye viktim yo ak moun ki deplase akòz lagè a. Demen nou pral flote drapo Ikrènyen an sou batiman eta yo an solidarite ak moun ki nan New York ki pè pou fanmi yo ak moun yo renmen yo. Mwen envite lòt vil ak minisipalite Eta New York pou vin jwenn nou pou montre sipò san fay nou an pou demokrasi an fas tirani."

Direktiv sa a vini nan mitan efò kontinyèl Gouvènè Hochul ap fè pou sipòte Ikrèn. Semèn pase a, Gouvènè a te anonse yon [Dekrè Egzekitif](#) pou entèdi ajans eta yo ak otorite yo fè kontra ak antite ki kontinye fè biznis nan Larisi. Nan debi mwa mas la, Gouvènè Hochul [te anonse mezi](#) pou ranfòse Aplikasyon sankson Depatman Sèvis Finansye a (Department of Financial Services, DFS) kont Larisi, ki enkli acha akselere teknoloji analitik blockchain siplemantè. An fevriye, Gouvènè Hochul [te bay lòd](#) pou tout ajans eta yo ak otorite yo retire fon piblik nan men Larisi epi sispann fè biznis ak konpayi Ris yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418